
Èske m dwe montre estati imigrasyon m lè m ap aplike pou yon pèmi kondwi nan Massachusetts?

Pa: Enstiti pou Refòm Lwa nan Massachusetts, Kowalisyon MIRA, ak Kowalisyon Driving Families Forward
Revize: Oktòb 2024

Ou **pa** oblije pataje estati imigrasyon w ni pwouve prezans legal ou Ozetazini lè w ap aplike pou yon pèmi kondwi nan Massachusetts. Yo te adopte Lwa sou Mobilite Travay ak Fanmi (WFMA) an 2023. Selon lwa sa a, **tout** rezidan ki kalifye nan Massachusetts yo ka aplike pou yon pèmi kondwi estanda. Sa se Klas D pou veyikil ki pasaje yo oswa Klas M pou motosiklèt.

Atik sa a gen enfòmasyon pou moun ki pa kapab oswa ki pa swete pwouve sitiyasyon imigrasyon legal yo Ozetazini. Si ou gen estati imigrasyon legal, ou gen plis opsyon sou ki dokiman pou montre epi ou ka aplike tou pou yon pèmi kondwi REAL ID.

Kijan pou m prepare m pou m aplike pou yon pèmi kondwi?

1. Asire ke ou elijib. Pou jwenn yon Pèmi Kondwi Estanda nan Massachusetts pou kondui yon machin oswa yon motosiklèt, ou dwe:
 1. Genyen omwen 16 lane, epi
 2. Montre dokiman ki pwouve idantite w ak rezidans ou nan eta a, epi
 3. Reyisi yon egzamen alekri pou Pèmi Aprantisaj ak yon tès vizyon, epi
 4. Pase yon Tès Wout.

2. Deside ki dokiman ou vle prezante pou pwouve idantite w, dat nesans ou, ak rezidans ou. ([Gade egzijans ki anba yo.](#)) Asire ke ou konnen ki kote yo ye.
3. Renouvle nenpòt dokiman ki ekspire.
4. Jwenn tradiksyon dokiman ki pa an Anglè.
5. Si ou gen yon pèmi ki soti nan yon lòt eta, peye nenpòt amann ou ta ka resevwa la.
6. Kòmanse revize manyèl chofè Massachusetts la: <https://www.mass.gov/lists/drivers-manuals>
7. Si ou pa te janm gen yon (SSN) ki valid, ou ka soumèt yon afidavit ki di ou pa gen SSN nan RMV a oswa ou ka jwenn yon avi refi nan Administrasyon Sekirite Sosyal la.
8. Pran yon randevou pou Pèmi Aprantisaj ou an.

Fè atansyon ak fwòd!

Rejis Veyikil A Motè (RMV) a se sèl òganizasyon ki ka bay yon pèmi kondwi nan Massachusetts oswa ki ka fè moun peye pou pwosesis pèmi an. Pran randevou ou yo dirèkteman ak RMV a nan [mas.gov/rmv](https://www.mass.gov/rmv).

Ki dokiman mwen bezwen?

Pou aplike pou yon pèmi kondwi, ou bezwen pote dokiman yo nan chak nan 3 kategori ki anba yo.

Prè idantite ak dat nesans

Ou bezwen montre **yon** dokiman nan Lis A **ak yon** dokiman nan Lis B. Omwen youn nan dokiman yo dwe gen yon foto ladan l epi omwen youn nan dokiman yo dwe gen dat nesans ou ladan l. Dokiman ki pa an Anglè dwe gen yon tradiksyon ki swiv gid RMV yo.

Lis A - bezwen 1	Lis B - bezwen 1
- Paspò etranje ki poko ekspire. - Dokiman idantifikasyon konsilè ki pa ekspire.	- Lisans chofè ki soti nan nenpòt eta oswa teritwa Etazini ki pa ekspire; - Sètifika nesans etranje ki orijinal oswa sètifye;

- Kat idantite etranje ki pa ekspire;
- Pèmi kondwi etranje ki pa ekspire;
- Sètifika maryaj oswa jijman divòs ki soti nan yon eta oswa teritwa Etazini.

Gade lis konplè dokiman yo nan <https://www.mass.gov/lists/rmv-translated-documents#standard-class-d-or-m-driver%E2%80%99s-license-documents-checklist>

Enfòmasyon sou Nimewo Sekirite Sosyal la

Ou kapab:

- Bay yon nimewo sekirite sosyal (kat SSN pa nesesè), **oswa**
- Montre yon **Afidavit ki di ou pa gen nimewo sekirite sosyal** ki deklare ke yo pa te janm ba ou yon nimewo sekirite sosyal (<https://www.mass.gov/lists/rmv-translated-documents#affidavit-of-no-ssn>), **oubyen**
- Montre yon lèt refi nan Administrasyon Sekirite Sosyal la.

Prèw rezidans nan Massachusetts

Ou bezwen montre yon dokiman tou pou pwouve w ap viv nan Massachusetts, ki ta ka:

- Yon dokiman ke RMV Massachusetts la bay;
- Lèt ki soti nan yon ajans eta/federal/minisipal/vil/komin/konte;
- Fakti sèvis piblik, relve kat kredi, deklarasyon medikal/lopital, oswa fakti telefòn pòtab;
- Kontra lokasyon/ipotèk aktyèl oswa kontra lokasyon similè;
- Dokiman ki lye ak finans, tankou talon chèk, fòmilè W-2 pou salè, ak enfòmasyon sou taks;
- Dokiman lekòl la bay, tankou yon lèt lekòl la voye, relve nòt, prèw enskripsyon; **oswa**
- Asirans machin, asirans lokatè, oswa kontra asirans kay pou ane aktyèl la.

Dokiman an dwe gen non w ak adrès rezidansyèl ou kounye a sou li, li **pa** dwe yon bwat postal ni “in care of.”

Gade a **Lis konplè dokiman rezidans RMV** yo y ap aksepte ak nan ki nivo yo dwe resan. <https://www.mass.gov/lists/rmv-translated-documents#standard-class-d-or-m-driver%E2%80%99s-license-documents-checklist->

Ki jan pou m aplike?

Si ou gen plis pase 18 lane:

1. **Aplike pou yon Pèmi Aprantisaj nan MyRMV:** <https://atlas-myrmv.massdot.state.ma.us/myrmv/#1>. Si ou bezwen fè sa, ou ka ranpli yon aplikasyon sou papye.
2. **Pran yon randevou pou Egzamen Pèmi Aprantisaj ou a nan yon Sant Sèvis RMV** oswa sou entènèt. Gade yon lis adrès yo nan <https://www.mass.gov/orgs/massachusetts-registry-of-motor-vehicles/locations>. Yo aktyalize sitwèb la chak jou, kidonk si pa gen yon randevou ki disponib ak dat ak adrès ou vle a, tcheke souvan apre sa. Yon fwa ou fin pran yon randevou, ou resevwa yon imèl konfimasyon.
3. **Peye frè pèmi aprantisaj la ki se (\$30)** sou entènèt **oswa** an pèsòn nan jou egzamen ou an.
4. **Etid pou Egzamen Pèmi Aprantisaj la.** Li **Manyèl Chofè a** (<https://www.mass.gov/lists/drivers-manuals>) ak **pran yon egzamen pratik** (<https://atlas-myrmv.massdot.state.ma.us/myrmv/#1>). RMV a genyen tou **resous pou moun k ap kondui premye fwa:** <https://www.mass.gov/guides/first-time-driver-start-here>.
5. Prepare dokiman w yo. [Gade ki dokiman ou bezwen anwo a.](#)
6. **Pase Egzamen Pèmi Aprantisaj la.** Ou dwe ale nan Sant Sèvis la pou randevou ou a, men ou ka chwazi pou w pase Egzamen Pèmi Aprantisaj ou an swa an pèsòn nan Sant Sèvis la oswa sou entènèt nan lespas 30 jou apre vizit ou a. Egzamen Pèmi Aprantisaj la disponib nan 35 lang kounye a. Nan randevou w la, ou pral fè yon tès vizyon pou asire ke vizyon w bon ase pou kapab kondwi san danje.
7. **Resevwa pèmi ou an.** Si ou pase egzamen ou an nan Sant Sèvis la, RMV a ba ou pèmi ou la. Si ou pase egzamen ou an sou entènèt, ou enprime pèmi an poukont ou. Si ou echwe nan egzamen an, ou ka chanje dat pou ou refè l la pou yon frè \$30.
8. **Pratike kondwi ak yon “chofè ki kalifye.”** Yon chofè ki kalifye dwe:
 1. Gen yon pèmi kondwi ki valid nan Massachusetts oswa yon lòt eta, **epi**

-
2. Chita nan syèj pasaje a bò kote w pandan w ap kondui, **epi**
 3. Gen omwen 21 lane, **epi**
 4. Gen omwen 1 lane eksperyans ap kondwi.
9. **Pran yon randevou pou Tès Pratik ou a epi ranpli Aplikasyon pou Tès Pratik la** sou entènèt. Gade <https://www.mass.gov/how-to/schedule-your-road-test>. Si ou vle fè tès la nan yon lòt lang, ou kapab **mande yon entèprèt** lè w ap pran randevou a (gade anba a). Ou dwe tou:
1. Vini ak yon **"esponsò ki kalifye"** pou tès wout ou a (gade anba a), **epi**
 2. Itilize yon machin ki reponn ak egzijans pou tès sou wout la. Gade <https://www.mass.gov/guides/road-test-information>
10. **Peye frè Tès Pratik la (\$35)** swa sou entènèt oswa an pèsòn nan randevou tès pratik ou a.
11. **Fè Tès sou Wout la.** Yon fwa ou pase tès pratik la epi ou peye yon **frè lisans ki se (\$50)**, w ap jwenn yon lisans tanporè ou ka kondui avèk li. RMV a ap voye pèmi kondwi ofisyèl ou an ba ou pa lapòs nan 7 a 10 jou.

Si ou poko gen 18 lane:

Pwoses la menm jan ak anwo a, eksepte ou dwe fini yon pwogram fòmasyon pou chofè, ki gen ladan yon kou ak kondwi sipèvize, epi satisfè lòt egzijans yo. Gade <https://www.mass.gov/info-details/junior-operator-license-jol-requirements#driver's-education-requirements->. Ou dwe gen Pèmi Aprantisaj ou a pou 6 mwa anvan ou pran Tès sou Wout la.

Ki tip pèmi kondwi mwen ka jwenn?

Gras Lwa sou Mobilite Travay ak Fanmi an, tout rezidan Massachusetts ki gen 16 lane oswa plis ka aplike pou yon pèmi kondwi **estanda**, Klas D oswa M. Yon pèmi pasaje (Klas D) pèmèt ou kondui yon veyikil pasaje tankou yon machin, yon kamyonèt, oswa yon ti kamyon. Yon pèmi motosiklèt (Klas M) pèmèt ou kondui yon motosiklèt.

Lwa sou Mobilite Travay ak Fanmi an **pa** aplike pou pèmi REAL ID yo. Pou jwenn tip pèmi kondwi sa a, ou dwe montre estati imigrasyon legal ou. Apati 7 me 2025, se sèlman pèmi REAL ID (ak kat idantifikasyon) yo pral aksepte pou "rezon federal" tankou anbake nan yon avyon oswa antre nan yon batiman federal. Si ou gen yon estati imigrasyon legal epi ou ta renmen jwenn plis enfòmasyon sou REAL ID yo ak fason pou aplike, gade <https://www.mass.gov/info-details/massachusetts-identification-id-requirements#real-id-driver's-license-or-real-mass-id->.

Lwa sou Mobilite Travay ak Fanmi an **pa** aplike tou pou pèmi kondwi komèsyal (CDL, Klas A, B, ak C). Tip pèmi sa yo se pou kondui gwo machin tankou kamyon ak otobis.

Ki frè m ap gen pou m peye?

W ap bezwen peye 3 frè sa yo nan RMV a (pa janm peye l bay yon tyès pati).

1. Frè pèmi aprantisaj la se \$30,
2. Frè tès pratik la se \$35, epi
3. Frè lisans lan se \$50.

Antou, twa frè sa yo bay yon total **\$115**.

Si ou bezwen refè tès pèmi an oswa tès pratik la, w ap gen pou peye frè a ankò.

RMV vle ou peye frè yo sou entènèt anvan randevou ou yo.

Si yon dokiman ki gen Nimewo Sekirite Sosyal mwen an (tankou yon EAD) ekspire, èske mwen ka toujou siyen yon afidavit ki di mwen pa genyen youn?

Non. Si yo te ba w yon nimewo sekirite sosyal legal nan nenpòt lè nan pase, ou ta dwe mete l nan aplikasyon w lan pou rezon idantifikasyon. Mete l menm si Dokiman Otorizasyon Travay ou an (EAD) ekspire oswa pèdi, oswa si ou pa gen yon estati imigrasyon ki valid.

Èske mwen ka pase egzamen pèmi aprantisaj la ak tès pratik sou wout la nan yon lòt lang?

Wi. Ou ka pase egzamen pèmi aprantisaj la nan 35 lang kounye a. Ou ka fè tès pratik la avèk yon entèprèt an pèsòn ke RMV bay si ou mande li omwen 72 èdtan alavans, oswa ou ka vini ak pwòp entèprèt pa ou. RMV p **ap** fè w peye yon frè pou entèprèt la.

Kisa mwen bezwen fè pou m reyisi egzamen Pèmi Aprantisaj la ak Tès Pratik la?

Gade sitwèb RMV a pou jwenn enfòmasyon sou Egzamen Pèmi Aprantisaj la ak enfòmasyon sou Tès Pratik la.

- <https://www.mass.gov/how-to/apply-for-a-passenger-class-d-learners-permit>
- <https://www.mass.gov/guides/road-test-information>

Ki moun mwen ka mennen kòm esponsò pou tès pratik mwen an?

Nan jou tès pratik ou a, ou dwe vini ak yon “esponsò ki kalifye.” Esponsò w la dwe:

- Gen 21 lane oswa plis, epi
- Gen omwen 1 lane eksperyans nan kondwi, epi
- Gen yon pèmi kondwi nan eta rezidans li a.

Gade **kondisyon veyikil** RMV pou tès sou wout la. <https://www.mass.gov/guides/road-test-information>

Mwen te pase tès pratik mwen an. Kilè m ap jwenn pèmi mwen an?

Aprè ou fin pase tès pratik la epi ou fin peye frè pèmi an ki se \$50 a, RMV pral ba w yon lisans tanporè. RMV pral voye pèmi kondwi ofisyèl ou an pa lapòs nan adrès postal ou te ba yo a nan 7 a 10 jou.

Si sa genyen plis pase 10 jou epi ou pa resevwa pèmi ou nan pa lapòs, kontakte RMV sou entènèt (<https://www.mass.gov/forms/rmv-customer-contact-us>) oswa rele RMV nan nimewo 857-368-9362 ant 9è AM ak 5è PM.

Ki moun mwen ka kontakte si mwen gen kesyon oswa pwoblèm ak pwosesis aplikasyon an?

Ou ka kontakte RMV sou entènèt (<https://www.mass.gov/forms/rmv-customer-contact-us>) oswa rele liy asistans espesyal pou Lwa sou Mobilite Travay ak Fanmi an nan **857-368-9362**.

Si w ap chèche konsèy legal, jwenn yon òganizasyon sèvis legal nan <http://masslrf.org> (sit entènèt an Anglè ak Espanyòl).

Si ou gen TPS epi ou gen pwoblèm pou renouvle lisans ou, kontakte Jessica Chicco nan MIRA Coalition, jchicco@miracoalition.org.

Èske li san danje pou m pataje enfòmasyon mwen yo ak RMV?

RMV **pa** voye enfòmasyon dirèkteman bay Depatman Sekirite Enteryè a (DHS). Eta a p ap mande w enfòmasyon sou sitiyasyon imigrasyon w lè ou aplike pou yon pèmi

kondwi. Pwokirè Jeneral Massachusetts la pibliye règleman solid ki limite kapasite RMV a pou bay DHS enfòmasyon sou chofè yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon, gade [zouti evalyasyon risk sa a](#) pa Suffolk Law School Immigrant Justice Clinic, Cosecha Massachusetts, ak Mutual Aid Eastie.

Remak: Ou pa dwe bay RMV fo enfòmasyon lè w ap aplike pou yon pèmi kondwi. Si ou pa yon sitwayen ameriken, asire ke ou pa tcheke yon kazyè ki di ou se yon sitwayen ameriken oswa ou vle enskri pou vote.

Si m te gen yon pèmi kondwi ak yon fo non, èske m ka aplike pou yon pèmi avèk vrè non mwen avèk nouvo lwa a?

Si ou genyen oswa ou te deja genyen yon pèmi kondwi sou yon non ki pa pou ou, fè atansyon. RMV itilize yon lojisyèl rekonesans fasyal epi li ka idantifye w kòm menm moun ki genyen, oswa ki te genyen, yon lòt lisans. Si sa rive, yo ka pwograme yon odyans pou ou epi yo ka sispann pèmi ou an. Si ou te deja pretann ou se yon sitwayen ameriken, sa ka gen konsekans grav anpil pou sitiyasyon imigrasyon w, kidonk li enpòtan pou ou **pale ak yon avoka**.

Pou jwenn plis enfòmasyon, gade [zouti evalyasyon risk sa a](#) pa Suffolk Law School Immigrant Justice Clinic, Cosecha Massachusetts, ak Mutual Aid Eastie.

Si mwen gen yon lòd pou ekspilsyon, èske aplikasyon pou yon pèmi kondwi ap afekte dosye imigrasyon mwen an?

RMV **pa** voye enfòmasyon sou aplikasyon woutin yo bay Depatman Sekirite Enteryè a (DHS), ki gen ladan adrès ou. Gade **zouti evalyasyon risk** ki anwo a.

Èske m ap kapab anrejistre veyikil mwen an?

Ou **pa** bezwen pataje estati imigrasyon w pou anrejistre yon veyikil nan Massachusetts si ou gen yon kat sekirite sosyal oswa yon pèmi kondwi ki soti nan nenpòt eta. Gade paj RMV a ki gen tit “Kondisyon sou Idantite pou Enskripsyon Veyikil” nan <https://www.mass.gov/info-details/identity-requirements-for-vehicle-registration>.

Mwen te resevwa yon lèt nan RMV ki di yo te sispann pèmi kondwi mwen an akòz fwòd. Kisa m ka fè?

W ap kapab gen yon odyans nan RMV. Ou ka vle **kontakte yon avoka** pou reprezante w nan odyans lan: <http://masslrf.org/>.

Pou aprann plis, gade:

- Fason pou Reponn a yon Lèt Fwòd ki soti nan RMV:
<https://www.masslegalhelp.org/criminal-records-cori-licenses/licenses/how-respond-fraud-letter-rmv>
- Paj RMV a ki rele “Enfòmasyon sou Odyans pou Sispannyon”:
<https://www.mass.gov/guides/suspension-hearings-information>

Pou kesyon sou sispannyon, ou ka rele RMV nan nimewo 857-368-8200.

Mwen pa gen estati imigrasyon legal epi mwen pa anvi kondwi. Èske mwen ka jwenn yon kat ID ki pa chofè?

Non. Lwa sou Mobilite Travay ak Fanmi an pèmèt rezidan Massachusetts yo, kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon yo, jwenn sèlman yon pèmi kondwi, men pa bay yon ID ki pa chofè (tankou yon ID eta oswa yon ID pou alkòl).

Èske mwen ka jwenn yon pèmi si yo te deja kanpe m paske m t ap kondui san pèmi?

Wi, men ou dwe peye nenpòt amann epi rezoud nenpòt pwoblèm ou genyen toujou (tankou yon kontravansyon) anvan ou rive kwenn yon lisans. Arè pou kondwi san lisans lan ap rete nan dosye w lan.

Si ou gen yon pwoblèm ki pa rezoud oswa yon pèmi ke yo sispann nan yon lòt eta epi w ap eseye transfere pèmi ou a, sa pral anpeche w jwenn yon pèmi nan Massachusetts.

Èske pèmi mwen pral parèt diferan oswa pral revele ke mwen pa te oblije montre estati legal pou jwenn li?

Non. Kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon w, ou elijib pou menm pèmi "estanda" ke plis pase mwatye chofè Massachusetts yo genyen kounye a. Li p ap sanble diferan ni li p ap gen diferan enfòmasyon sou li.

Mwen gen yon estati imigrasyon legal. Èske mwen ka aplike pou yon pèmi kondwi pandan m ap itilize yon pè dokiman idantite ki soti nan Lwa sou Mobilité Travay ak Fanmi an?

Wi. Kit ou gen yon estati imigrasyon legal oswa ou pa genyen, ou ka jwenn yon **pèmi estanda** avèk la [dokiman ki nesèsè yo](https://www.mass.gov/doc/standard-class-d-or-m-drivers-license-documents-checklist-english/download) selon Lwa sou Mobilité Travay ak Fanmi an (gade anwo a). Ou kapab jwenn tou yon pèmi estanda ak yon dokiman ki montre ou gen yon prezans legal. Dokiman RMV aksepte kounye a kòm prèv prezans legal yo endike nan "Opsyon A" isit la (an Anglè): <https://www.mass.gov/doc/standard-class-d-or-m-drivers-license-documents-checklist-english/download>

Si ou vle jwenn yon **Pèmi REAL ID**, ou dwe prezante yon dokiman ki montre ou gen yon prezans legal kounye a. Gade <https://www.mass.gov/doc/real-id-and-standard-cdl-id-documentation-checklist-haitian-creole/download>.

Mwen gen yon estati imigrasyon legal, men li pral ekspire nan mwens pase 5 lane. Èske m ap toujou ka jwenn yon pèmi 5 lane?

Wi. Ou ka jwenn yon pèmi estanda ki dire 5 lane lè w montre [dokiman ki nesèsè yo](https://www.mass.gov/doc/standard-class-d-or-m-drivers-license-documents-checklist-english/download) selon WFMA a (gade anwo a), oswa youn nan dokiman ki endike nan Opsyon A nan lis RMV a (an Anglè): <https://www.mass.gov/doc/standard-class-d-or-m-drivers-license-documents-checklist-english/download>. Ou kapab jwenn yon pèmi REAL ID tou, men pèmi REAL ID ou a pral ekspire lè estati w ekspire.

Paspò mwen ak/oswa kat idantite konsilè mwen an ekspire. Èske m ka jwenn yon pèmi?

Lalwa egzije pou ou gen swa yon paspò ki pa ekspire oswa yon kat idantite konsilè ki pa ekspire. Si dokiman ou yo ekspire, w ap bezwen renouvle omwen youn pou kalifye selon WFMA a. Remake byen ke pou kèk moun — tankou moun ki te aplike pou azil oswa ki gen plan pou aplike pou azil — jwenn dokiman idantite nan peyi orijin yo ka fè enpak sou dosye imigrasyon yo. Si ou pa sèten, konsilte yon **avoka imigrasyon** anvan ou jwenn yon paspò oswa yon kat idantite konsilè nan peyi orijin ou. Gade <https://www.masslegalhelp.org/immigration/know-your-rights/immigration-help-referral-list>. Ou ka toujou kalifye pou yon pèmi pandan w ap bay dokiman "prezans legal" ki nan Opsyon A isit la (an Anglè): <https://www.mass.gov/doc/standard-class-d-or-m-drivers-license-documents-checklist-english/download>.

Plis Resous

Enfòmasyon ki soti nan Rejis Veyikil A Motè a (RMV)

Telechaje materyèl enfòmasyon tradui nan anpil lang:

<https://www.mass.gov/lists/rmv-translated-documents>

Materyèl ki soti nan Gwoup Defans Dwa yo

MIRA Coalition

<https://miracoalition.org/resources/drivers-licenses/>

Resous enfòmasyon sou pwosesis pou jwenn pèmi ou an ak WFMA a disponib nan lang Anglè, Espanyòl ak Pòtigè.

Zouti evalyasyon risk si w ap panse pou aplike pou yon pèmi kondwi

pa Suffolk Law School Immigrant Justice Clinic, Cosecha Massachusetts, ak Mutual Aid Eastie (2024)

- **Pòtigè:** <https://www.masslegalhelp.org/sites/default/files/2024-05/Risk%20Assessment%20Tool%20-%20Driver%27s%20License%20Part%201%20%5BPortuguese%20version%5D.pdf>
- **Kreyòl Ayisyen:** <https://www.masslegalhelp.org/sites/default/files/2024-05/Risk%20Assessment%20Tool%20-%20Driver%27s%20License%20Part%201%20%5BHaitian%20Creole%20version%5D.pdf>

Kontakte RMV

- **Rele liy telefòn pou jwenn enfòmasyon konsènan Lwa sou Mobilite Travay ak Fanmi an:**
857-368-WFMA (9362)
Nan lang Anglè, Espanyòl, Pòtigè, Mandaren, Kreyòl Ayisyen, ak Vyetnamyen.
- **Kontakte RMV sou entènèt:** <https://www.mass.gov/forms/rmv-customer-contact-us>
- **Gade yon lis sou lye RMV ak lè ouvè yo:**
<https://www.mass.gov/orgs/massachusetts-registry-of-motor-vehicles/locations>

Konsènan MassLegalHelp

MassLegalHelp.org se yon sit entènèt ki gen enfòmasyon gratis epi pratik sou dwa legal ou yo nan Massachusetts. Se pwogram asistans legal, avoka, ak patnè kominotè nou yo ki ekri epi revize enfòmasyon nou yo.